

Komiti Inoongorora nezveRaramo yeVanhu muZimbabwe (ZimLAC)


Ongororo yeRaramo muMaruwa yakaitwa muna 2024

Gwaro rinotsanangura zvabuda muongororo

Komiti inoongorora nezveRaramo yeVanhu muZimbabwe (ZimLAC) inoenderera mberi nekuongorora magariro evanhu gore negore richizadzisa zvakatsidziwa muchikamu 6 cheMutemo weKuwanisa Kuya Kwakakwana Kunovaka Muviri Munyika (Food and Nutrition Security Policy). Ongororo ya2024 iyi yakaitwa nokuda kwekusanaya kwemvura mumwaka wa2023/2024 kwakakonzerwa neEl Niño. Ongororo iyi yakaitwa nechinangwa chekuti Hurumende yeZimbabwe ikurumidze kuona kuti dambudziko rakakonzerwa nokusanaya kwemvura reEl Niño mumaruwa rakakura sei uye kupa humboo hunobatsira pakuronga zvingaitwa pakugadzirisa dambudziko iri.


1. Kushomeka kwezvirimwa zvetsanga

Kushomeka kwezvirimwa zvetsanga kuri kutarisirwa kusvika pa57% panguva iyo tinosvika parutarinhari rwenzara (kubva muna Ndira kusvika Kurume 2025) mumwaka wa2024/25.



Mwero woKushomeka kweZvirimwa zveTsanga: 2020 – 2024

Kushomeka kwezvimwa zvetsanga mudzimba kwakawedzera mumatunhu ose nekuda kwekusanaya zvakanaka kwemvura.




Kushomeka kweZvimwa zveTsanga

Huwandu hweVanhu Vari Kushomekerwa neZvimwa zveTsanga Pachikamu Chimwe cheZvikamu Zvina zveGore

Dunhu Guru	Chikunguru-Gunyana	Gumiguru-Zvita	Ndira-Kurume
Manicaland	872,817	980,800	1,049,770
Mashonaland Central	589,623	664,423	728,640
Mashonaland East	751,828	854,404	914,643
Mashonaland West	596,581	697,741	787,053
Matabeleland North	346,258	393,879	427,389
Matabeleland South	250,472	291,199	327,386
Midlands	656,232	749,023	819,984
Masvingo	669,297	760,863	839,503
Nyika yose	4,733,107	5,392,332	5,894,368


Matunhu anotarisirwa kuve nevanhu vakawanda vanoshomekerwa nezvimwa zvetsanga patinosvika parutarinhari rwenguva yenzara vanosvika 1,049,770 vekuManicaland ne914,643 vekuMashonaland East.

2. Kupfuya Zvipfuyo



3. Kurima Zvirimwa

Huwandu hwemhuri dzakarima zvirimwa hwakadzikira pazvirimwa zvese, kunze kwemhunga iyo yakawedzera kubva pa19% muna 2022/23 kusvika pa23% mumwaka wa2023/24.



Mhuri Dzairima Zvirimwa


Goho reMwaka

Dunhu Guru	Chibage		Mapfunde		Mhunga		Rukweza		Zvose Pamwe Chete	
	Zvinotarisirwa (makg)	Zviripo (makg)	Zvinotarisirwa (makg)	Zviripo (makg)	Zvinotarisirwa (makg)	Zviripo (makg)	Zvinotarisirwa (makg)	Zviripo (makg)	Zvinotarisirwa (makg)	Zviripo (makg)
Manicaland	1152	105	53	6	6	1	26	3	1236	115
Mash Central	894	107	251	10	0	0	2	0	1147	117
Mash East	809	88	46	2	6	1	2	0	862	91
Mash West	1240	50	99	4	1	0	1	0	1341	54
Mat North	425	30	169	39	5	0	123	30	723	99
Mat South	394	26	109	19	3	0	37	8	542	53
Midlands	1093	136	153	9	6	0	4	0	1257	145
Masvingo	651	61	245	28	17	2	100	16	1013	108
Nyika Yose	837	77	140	14	5	1	35	7	1016	99

Mhuri dzaitarisira kukohwa chibage chinovika 837Kgs uyewo mhunga inovika 140Kgs asi dzakazokohwa chibage chine huremu hunosvika 77Kgs nemhunga ine huremu hunosvika 14Kgs.


4. Mari Inouya Mumhuri

Zvichienzaniswa nekutanga kwegore (2020), mihoro yemhuri dzekumaruwa yanga ichiwedzera.



Mwezo weMauroiro eMari:2020-2024

Muhoro wePamwedzi weMhuri (USD) waKubvumbi 2024




Muhoro wePamwedzi weMhuri

Muhoro wepamwedzi wemhuri wakadzikira kubva paUS \$ 116 muna 2022 kuenda paUS \$ 88. muna 2024.

Kunobva Mari


Mhuri zhinji dzairarama nemabasa emaoko dzinosvika 40%, kurima zvirimwa zvokudya i16% uye rubatsiro i21%.



Kunobva Mari yeMhuri Kwakakosha

5. Rubatsiro rweRaramo


Mhuri zhinji dzinosvika (43%) dzinonzi dzakawana rubatsiro kubva kuHurumende zvichiteverwa neUN/maNGO anosvika (6%) nehama dzemumaguta dzinosvika (5%).



Kunobva Rutsigiro

6. Mvura, Utsanana noKushambidzika (WASH)

Huwandu hwedzimba dzine mvura mumisha hwakadzikira kubva pa21% muna 2023 kusvika pa6% muna 2024.




Chinhambwe Chinofambwa Kuenda Kune Mvura

7. Utano hweMwana

Kuwedzerwa kweVhitamini A


Chikamu chakakura cheMatabeleland North chinovika 99% ndicho chine vana vane mwedzi inosvika 6-11 vakapihwa mwero weVhitamini A unotarisirwa.



Kuwedzerwa kweVhitamini A

8.Maitiro oKupa Zvokudya Vacheche neNdumurwa

Kupiwa Kudya Kwakavandudzwa Kuvacheche neNdumurwa




Kupiwa Kudya Kwakavandudzwa Kuvacheche neNdumurwa

- a) Vana vanosvika 2.3% vakakwanisa kuwana kudya kushoma kunotarisirwa. Izvi zvinoratidza kuderera kana kudzikira zvichienzaniswa ne4% muna 2023. Mukaha uyu uchakakura sezvo nyika ichitarisira kusvika padanho re25%.
- b) Huwandu hwevana vaidya chikafu chemhando dzakasiyana-siyana hwakaramba hwakadzikira sezvo hwakasvika pa4.8%.

9. Chimiromo cheZvokudya zveVana Zvinovaka Muviri

Kuwana Zvokudya Zvinovaka Muviri kweVana vane mwedzi 6-59

Bazi rinoona nezvehutano hwevanhu pasi rose reWorld Health Organisation rinoti hhuwandu hwevana vasiri kunatsa kukura kuburikidza nokushaya kudya kwakakwana huchiri padanho repamusoro sezvo huri pa27.4%.



Kuwana Zvokudya Zvinovaka Muviri kweVana Vane Mwedzi 6-59

10. Mhedziso neKurudziro

Hurumende neShamwari dzayo dzeBudiroro inokurudzirwa kuenderera mberi nekushandisa mazano mune zvinotevera:

- a) **Kuwana zvokudya zvakakwana:** Mhuri dzinosvika 20% dzainge dzisina zvirimwa zvetsanga zvakakwana zvinopedza gore dzakati dzaizoshandisa mari yakachengetwa, mihoro uye mari inotumirwa kutenga zvirimwa pamusika. Pave kudiwa kuti Bazi rinoona nezveKurima nemakambani akazvimirira vaone kuti zvirimwa zvetsanga zvawanikwa pamusika kumhuri dzinenge dzisina zvakakwana kuti dzigone kuzvitenga kwegore rose. Iyi fungidziro yakavapo nokuda kwekuti Hurumende inoda kuchengetedza kutengeswa kwezvirimwa kwakasununguka.
- b) **Kuchengetedzeka Mumagariro:** Rubatsiro rwokuchengetedzeka rwakadzikira kubva pa74% kusvika pa48% nokuda kuderera kwekuwaniswa kwezvokudya zvakakwana mugore rapfuura. Ongororo yeRaramo muMaruwa yeZimLAC yakaitwa muna 2024 yakapa humboo hwakakwana hwekukwidziridzwa kwerutsigiro kuvanhu vanotambura, zvikuru takatarisana nekusanaya kwemvura kweEl Niño nezvinokatyamadza uye kushungurudza mune ramangwana. Rutsigiro runofanirwa kunangana nezvekusagadzikana kwemapoka evanhu. Mhuri dzinoita mabasa emaoko

dzinokurudzirwa kuita mabasa everuzhinji uye kupinda muzvirongwa zvokushandira zvokudya kuitira kudzivirira nyaya yokupiwa rubatsiro runobva kunze.

c) Mihoro yeMhuri: Mhuri zhinji dzekumaruwa dzinorarama nokurima kunova kune chokuita nekushanduka kwemamiriro ekunze kwenguva refu. Mari yemhuri yakadzikira kubva paUS\$ 116 muna2023 kusvika paUS \$ 88 muna2024, chinova chiratidzo chekuti raramo yekumaruwa yakakanganiswa nokusaita zvakanaka kwemwaka. Pave kudikanwa kuenderera mberi pachikusimudzirwa mikana yemararamiro ekumaruwa ayo anoenderana nokukanganisika mumwaka wezvokurima.



FNC iri paSIRDC: 1574 Alpes Road, Hatcliffe, Harare

Runhare: +263-242-862586/ +263-242-862025. Dandemutande: www.fnc.org.zw. Tsambanhare: info@fnc.org.zw.

Twita: @FNC_Zim. Inisitagiramu: [fnc_zim](https://www.facebook.com/fnc_zim). Fesibhuku: Food and Nutrition Council Zimbabwe. Yuchubhu: FNC Zimbabwe. Watsiapu: +263 0776 990 479